



Chè paran oswa responsab:

Pitit ou a ka gen dwa pou resevwa sèvis sante ak/oswa akomodasyon medikal nan lekòl la dapre Seksyon 504 Lwa sou Reyalitasyon. Sèvis sa yo pèmèt elèv ki gen bezwen sante patisipe totalman nan lekòl. Paegzanp, yo ka bay elèv ki gen yon pwoblèm medikal medikaman nan lekòl la. Elèv ki gen pwoblèm pou wè oswa pou tande ka chita pre tablo a.

Depatman edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) dwe evalye tout demand pou sèvis ak/oswa akomodasyon chak ane lekòl. Evalyasyon an konfime si pitit ou a bezwen sèvis ak/oswa akomodasyon nan lekòl, epi fè lekòl la konnen nenpòt chanjman ki genyen nan sèvis ak/oswa akomodasyon avan yo. Li asire tou pitit ou a resevwa sèvis ak/oswa akomodasyon ki apwopriye.

Plizyè paran pran randevou pou egzamen medikal anyèl pitit yo nan moman sa a nan ane a. Nou ankouraje w prepare tou pou ane lekòl k ap vini an. Nan pwochen vizit pitit ou a, mande doktè pitit ou a pou l ranpli fòm pou akomodasyon nou voye ba w yo. Kole yon ti foto resan nan kwen goch anlè fòm medikaman an. Sa ap ede lekòl la idantifye pitit ou a pi byen.

Paran yo ta dwe voye fòm medikal ki tou ranpli **1ye jen 2020 men pi vit posib** pou asire pitit ou a resevwa sèvis ki otorize yo nan kòmansman ane lekòl 2020-2021an.

Fòm pou bay medikaman pou maladi dyabèt :

Fakse l nan
347-396-8945 (Bronx & Manhattan)
347-396-8933 (Brooklyn & Staten Island);
347-396-8932 (Queens)

Oswa

Poste pou:

Attn: DMAF Coordinator
New York City DOHMH
Office of School Health
42-09 28th Street, CN-25
Queens, New York 11101-4714

Tout lòt fòm MAF

Poste pou:

Attn: Director of Nursing
New York City DOHMH
Office of School Health
42-09 28th Street, CN-25
Queens, New York 11101-4714

Oswa

Voye pa imèl nan borough kote pitit ou a prale lekòl la:

BronxMAF@schools.nyc.gov
BrooklynMAF@schools.nyc.gov
ManhattanMAF@schools.nyc.gov
QueensMAF@schools.nyc.gov
StatenIslandMAF@schools.nyc.gov

Fòm akomodasyon akademik

Yo ta dwe voye fòm pou demand akomodasyon akademik ak lòt akomodasyon nan lekòl (fòm pou demand paran ak fòm pou demand akomodasyon medikal) bay Kowòdonatè 504 lekòl ou a nan kòmansman ane lekòl la.